



Règleman Entèn Manb Epay Solidarite UNEHD (ESO-UNEHD)

Tit 1 Dat Kreyasyon Nati- Objektif

Atik 1-Dat Kreyasyon ak Nati Rezo a.

Epap Solidarite UNEHD kreye nan dat 25 desanm 2020. Li se yon rezo mityèl ki regwoupe fanmi, zanmi ak kòlèg ki pataje menm opinyon ki ap viv nan peyi entènasyonal kou nasyonal ki chwazi mete Epap yo ansanm pou rive devlope Ekonomi Solidè.

Atik 2- Objektif Epap Solidarite (ESO-UNEHD).

Objektif Epap Solidarite UNEHD la se:

- Ede Manb ESO-UNEHD ak lòt manb deyò kou anndan Estrikti Òganizasyon an kolekte epap yo genyen pou rive tabli yon bon baz pou devlope Ekonomi Solidè nan mitan Ayisyen ak Ayisyèn.
- Ede Ayisyen/Ayisyèn anndan kou andeyò peyi a aprann epanye lajan yo fè sou tout aktivite ki pèmèt yo fè kòb.

Tit 2- Kalite ak Kondisyon pou vini Manb Epap Solidarite UNEHD (ESO-UNEHD)

Atik 3- Kalite ESO-UNEHD:

Epap Solidarite UNEHD (ESO-UNEHD) genyen 3 kalite manb ladan li :

1. **Manb Pyonye fondatè**
2. **Co Initiatè fondatè**
3. **Manb apa antyè**

Atik 3.1- Pou yon moun vini Manb ESO-UNEHD, men Kondisyon pou li ranpli :

Pou yon moun vini manb **Manb Epap Solidarite UNEHD (ESO-UNEHD)** men kondisyon pou li ranpli :

- Rantre sou referans yon Manb Pyonye Fondatè **ESO-UNEHD** la.
- Bay kotizasyon li chak dat administrasyon mande pou li fèt la.
- Vèsè montan kotizasyon **Epap Solidarite** li chak semèn pou pi piti \$200 US.
- Siyen Règleman Entèn **ESO-UNEHD** la aprè lekti ak asepsasyon tout kondisyon yo.

Tit 3- Administrasyon Kotizasyon Epap Solidarite Manb yo -Penalite ak Sanksyon

Atik 4- Frekans Kotizasyon Manb ESO-UNEHD.

Chak semèn, manb Epap Solidarite UNEHD yo ap kotize yon montan pou pi piti \$200 us sou kantite montan li genyen pou li vèsè pou ane a. Montan sa a kapab plis selon kapasite manb la. Yon manb kapab vèsè montan kotizasyon **Epap Solidarite** li a, chak semèn, chak mwa, chak twa mwa epi chak sis mwa, lè sa manb la ap chwazi miltipliye kantite kotizasyon chak semèn li a pa kantite tan li vle kotize a

Atik 5- Montan Kotizasyon ESO-UNEHD.

Chak semèn, oubyen youn nan lòt peryòd yo, manb Epay Solidarite UNEHD yo ap kotize yon montan ki pi piti \$200 us, Montan sa a kapab plis selon kapasite manb la ak selon peryòd kotizasyon li chwazi yo. Pou yon rezon ou pou yon lòt, yon manb kapab kotize montan Epay Solidarite a nan frekans li santi li kapab depi li pa kite 350 jou oubyen 50 semèn pase sou li ak depi li jwenn yon antant sou sa ak administrasyon **ESO-UNEHD.**

Atik 6- Penalite sou delè kotizasyon ESO-UNEHD

Yon manb ki pa vèse montan kotizasyon li an nan tan li te genyen pou li bay li a pap genyen dwa fè pati Epay Solidarite a ankò, lè sa rive administrasyon ap reyini nan yon asanble jeneral pou yo ka deside sou zafè kotizasyon manb la.

Atik 7- Sanskyon pou Manb ki kanpe sou Kotizasyon nan ESO-UNEHD

Si yon manb kòmanse kotize Epay Solidarite li, pou yon rezon ou pou yon lòt li ta kanpe, manb sa pap genyen aksè ak kotizasyon li te deja kotize a, jiskaske administrasyon an deside nan ane nan yon asanble jeneral.

Atik 8- Kondisyon pou yon Manb genyen aksè ak Montan Kotizasyon Epay Solidarite.

Pou yon manb genyen aksè ak Montan kotizasyon Epay Solidarite li a, li dwe:

1. Si li pa respekte kondisyon ak règleman intèn Epay Solidarite UNEHD.
2. Si li pa fini bay tout kantite kotizasyon li te genyen pou li bay la, selon desizyon administrasyon an.

Atik 9- Kondisyon pou yon Manb ESO-UNEHD genyen aksè ak Montan kotizasyon Epay Solidarite.

Pou manb la genyen aksè ak montan kotizasyon li te vèse a nan Epay Solidarite a.

- Fòk Epay Solidarite a déjà kòmanse
- Fòk genyen yon lane depi genyen pwofi kap fèt nan **ESO-UNEHD**
- Fòk li konnen ki pousantaj revni li genyen sou montan li te kotize a.
- Fòk li aksepte tann peryòd dekesman an.

Atik 10- Pousantaj Revni sou Sòm Kotizasyon yon manb ESO-UNEHD .

Chak lè yon manb bay sòm kotizasyon pa li a, li dwe konnen pousantaj revni sou kapital total kotizasyon li a. Se montan taks sa a yon manb pral kapab genyen akè ak li nan finisman lanne a.

Atik 11- Dwa ak Devwa pou Referans Manb la.

Si yon Manb referans envite yon moun vini patisipe nan **ESO-UNEHD** , Referans la dwe explike moun la tout kondisyon ki nan règleman entèn **ESO-UNEHD** la, après sa li dwe fè moun nan siyen dokiman ki di li aksepte tout kondisyon yo voye li bay administrasyon pou yo kapab pran tout lòt dispozisyon avan li vini youn nan kalite manb yo.

Atik 11.1- Sanskyon pou Referans Manb la.

Si manb referans la paf è tout sa ki nan atik 11 la, epi si manb la pa ta fè kotizasyon **Epay Solidarite** li a, lè sa a manb referans la dwe kontinye vèse kotizasyon manb la pou li, pou projè **ESO-UNEHD** te genyen pou ane a pa bloke.

Tit 4- Dispozisyon final.

Atik 12- Dwa chak manb ESO-UNEHD.

Chak manb **ESO-UNEHD** dwe konnen nan ki tip oubyen kalite manb yo ye, menm jan atik 3 a di sa, epi chak tip manb sa yo genyen pou yo vèse yon kantite kotizasyon nan yon dat byen detèmine (gade atik 4 ak atik 5 la). Epi pousantaj revni chak manb sa yo pap menm jan tou.

Atik 13- Retrè yon manb nan Epay Solidarite UNEHD.

Si yon manb Epay Solidarite a, aprè li te kòmanse vèse kotizasyon déjà epi li pa chwazi kontinye epanye ankò, li genyen dwa pou li rele referans li a pou explike li tout rezon ki koz li pa kontinye epi mande pou planifye yon rankont ak administrasyon an **ESO-UNEHD**, se referans manb la ki ap planifye rankont sa ak lòt responsab yo epi manb ki vle sòti a, nan rankont sa administrasyon **ESO-UNEHD** ak manb pral konnen epi negosye ansanm si

- Referans la ap kontinye bay rès kotizasyon yo.
- Manb la deside pou yo remèt li kotizasyon li te bay la nan finisman lanne a
- Manb la ap kite kotizasyon li a pou lè li kapap kontinye
- Administrasyon an mèt travay ak kotizasyon li te bay la

Pou nou konnen tout bagay sa yo se sèlman nan yon reynyon pou yo di ak administrasyon an , epi si manb lan silans pap ka genyen lòt desizyon kap pran se mete kotizasyon an travay san oken vòt. Kidonk manb la genyen 60 jou pou li di referans la planifye reyinyon an pou li sa pèdi tan.

Atik 14- Restriksyon pou Manb ESO-UNEHD.

Kelkeswa manb ki fè pati **ESO-UNEHD** la, li pap kapab chanje lide sou kelkeswa fòm nan pou li pran nan mitan ane a epi ni prete kotizasyon epay li te deja vèse pandan peryòd la.

Atik 15- Amandman.

Atik nan Règleman **ESO-UNEHD** yo kapab chanje, modfiye epi menm ajoute si genyen lòt sikonstans ki mande sa.

Atik 16- Angajman ak Sivati.

Tout Manb Fondatè ak nouvo Manb **ESO-UNEHD** la dwe pran angajman pou respekte Règleman Entèn nan. Angajman sa a ap pran fòm li pa mwayen yon kopi règleman manb nan ap resevwa epi siyen.

Mwen menm _____ Mesye/Madam Manb _____
_____ **Epay Solidarite UNEHD (ESO-UNEHD)**, mwen siyen
paske mwen dakò ak tout atik nan Règleman Entèn nan pou mete yo an aplikasyon epi koube mwen anba sanksyon yo chak fwa mwen vyole youn ladan yo.

Fèt nan dat ki te _____/_____/_____